

# ГугъапIэ нэху

2-нэ нап.



# ЩIэныгъэм и лъабжьэ быдэ

2-нэ нап.



# Къэбэрдей-Балъкъэрыр 1922 - 2022 гъэхэм

3-нэ нап.



# Бейтыгъуэн Iэуес и ехъулIэныгъэщIэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№97 (24.379) • 2022 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 16, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

## Пашэр къызэтрагъэувыIэ



4-нэ нап.

# ЩIалэгъуалэр егъэгушхуэ



**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ЩIалэгъуалэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу иджыблагъэ къызэрагъэпэща автомобиль зекIуэм хэтахэм я жэрдэмыр игъэдэхащ, ар зи гукъэкIхэр игъэгушхуащ, езыри яхэтащ.**

ЩIАЛЭГЪУАЛЭР автомобилхэмкIэ Тырныауз къалэм щхьэдэхыпIэмрэ ЩIауэкъан деж щежьэрти, Джаурген бгы тхыцIэмрэ кIуэцIрыкIыу Таучэшхэ я псынэм (Джылы-Су) хуэкIуэрт. АвтозекIуэр зэрекIуэкIам и хъыбарыр КIуэкIуэ Казбек и Телеграмым щыжиIащ: «АвтозекIуэм хэтащ ди щIалэгъуалэм ящыщу мыпхуэдэ жэрдэмхэм жану хэлажьэхэр, «Шынагъуэншагъэм и еджапIэ» егъэджэныгъэ проектым и волонтёрхэр, Урысейм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм къикIа ныбжьыщIэхэр. Жэрдэмыр къыхэзылъхьар Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩIалэгъуалэ Iуэхухэмкiэ и министерствэрщ».

КIуэкIуэ Казбек къызэрыхигъэщамкIэ, автозекIуэм купщIэ хуэхъуащ ди щIыналъэм щыщу зауэ операцэ хэхар щекIуэкI щIыпIэхэм щыIэ ди щIалэхэр гъэгушхуэныр.

«Урысей щIалэгъуалэ» къулыкъущIапIэм къыхилъхьауэ щыта зэхьэзэхуэм щытекIуа гупым Таучэшхэ я псынэм деж автомобиль зекIуэм хэтхэм папщIэ «Этно-шэтыр» зыфIаща къэувыIэпIэ щыхуащIащ. КъБР-м и Iэтащхьэм абдеж щIалэгъуалэм псалъэмакъ щхьэпэ щадригъэкIуэкIащ, ахэр Iуэху дахэхэмкIэ жэрдэмщIакIуэу зэрыщытыр зэригуапэри къыхигъэщащ. «Сыт хуэдэ дин зепхьэми, сыт хуэдэ лъэпкъ укъыхэкIами, нэхъыщхьэр - узэрыцIыхур - зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым. ЦIыхугъэм гъунэгъу узэхуещI, гупсысэ щхьэпэхэм ухуешэ, хъуэпсапIэ лъагэхэм ухуеIэу, ахэр зэрызэбгъэхъулIэным ухущIэкъуу уещI. ЦIыхугъэ зиIэр цIыху щыщIэркъым, ныбжьэгъу пэжхэр и куэдщ», - яжриIащ щIалэгъуалэм.

# Мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэ



**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм и ухуакIуэхэм я махуэм теухуауэ хъуэхъу псалъэкIэ захуигъэзащ.**

«КъБР-м и ухуакIуэхэмрэ а IэнатIэм лэжьыгъэкIэ епхауэ щытахэмрэ сигуми си псэми къабгъэдэкIыу фи махуэм хуэгъэзауэ сынывохъуэхъу! Фи IэщIагъэр, сытым дежи хуэдэу, щIэупщIэшхуэ зиIэщ, пщIэи щIыхьи зыхуэфащэщ. Ухуэныгъэм пыщIа лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм зиужьынымкIэ мыхьэнэ ин дыдэ зиIэщ.

Фи IэщIагъэм къыщывгъэлъагъуэ Iэзагъэм, зыхуэвгъэувыжа къалэнхэм жэуаплыныгъэ нэс пылъу фызэрыбгъэдыхьэм, шэч хэмылъу, елъытащ фи Iуэхухэм фызэрехъулIэр. Фи лэжьыгъэм щыщу псом япэрауэ къыхэгъэщыпхъэр дызэрыт лъэхъэнэм цIыхухэр зыхуэныкъуэ-зыпэлъэщ псэупIэхэмкIэ къызэрызэвгъэпэщырщ, иджырей мардэхэм къитIасэ школыщIэхэр, сабий садхэр, сымаджэщхэр, поликлиникэхэр, щэнхабзэмрэ спортымкIэ ухуэныгъэхэр зэрызэфIэвгъэувэрщ. Фи лэжьыгъэм ерыщу фызэрыбгъэдэтымрэ Iэзагъэу къыщывгъэлъагъуэмрэ я фIыгъэкIэ республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я теплъэм фIы и лъэныкъуэкIэ захъуэж, цIыхухэм я псэукIэр кIуэ пэтми йофIакIуэ.

Лэжьыгъэм фыхуэпэжрэ хьэлэлуи фызэрыбгъэдэтым, фызыIууэ гугъуехьхэри къызэвнэкIрэ зыхуэвгъэувыжа къалэнхэми фызэрехъулIэм папщIэ Тхьэм фIыгъуэр къыфхуищIэ вжыдоIэ. ФIыщIэ лей яхудощI зи гъащIэр, лэжьыгъэр ухуэныгъэм епхауэ къэзгъуэгурыкIуа, зи Iэзагъэ-щIэныгъэкIэ щIэблэм щапхъэ яхуэхъуа нэхъыжьхэм.

Псоми узыншагъэ быдэ фиIэну, ехъулIэныгъэ фыщымыщIэу куэдрэ фыпсэуну сынывохъуэхъу!».

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# ЩIыналъэм и Iуэху зыIутыр зрегъэлъагъу

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек тхьэмахуэ кIуам лэжьыгъэ IуэхукIэ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щыIащ. Iэтащхьэм япэу зригъэлъэгъуащ ятIагъуэмрэ уэсукхъуэмрэ къызэрех кIэнауэр. УнафэщIым жиIащ а кIэнауэр и чэзум зэрагъэкъэбзам, зэрызэрагъэпэщыжам и фIыгъэкIэ, шыщхьэуIум и 5-м къеха ятIагъуэ зэхэлъыр зыми зэран зэрыхуэмыхъуар. Ар 2021 гъэм Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил ищIа унафэкIэ, сом мелуан 22-рэ къыхуаутIыпщри, зыхуей хуагъэзэжат.**

КIУЭКIУЭ Казбек щыIащ къэрал, щIыналъэ программэхэмкIэ Iуащхьэмахуэ районым щекIуэкI социальнэ ухуэныгъэхэм.

Тырныауз дэт, Отаров Керим и цIэр зезыхьэ лицей №1-р зэрызэрахьэм еплъащ. ЕджапIэмрэ пэщIэдзэ классхэр зыщIэс IуэхущIапIэмрэ къагъэщIэрэщIэж иджырей мардэхэм тету. Абы папщIэ сом мелуани 115-м щIигъу субсидиеу къыIэрыхьащ республикэм. Сабий 700 зэкIуалIэ IуэхущIапIэм и унащхьэр, лъэгур, бжэ-щхьэгъубжэр зэрахъуэкIащ, инженер Iуэхухэр щызэфIагъэкIащ, шхапIэр нэхъ ин ящIащ, цIыкIуи 150-рэ зэгъусэу щIэхуэн хуэдэу. Мы зэманым школым и пэшхэр зыхуей хуагъазэ, пщIантIэр ягъэдахэ.

КIуэкIуэ Казбек пщэрылъ ящищIащ иджырей технологиехэмкIэ школыр къызэрагъэпэщыну, физикэмкIэ, географиемкIэ, химиемкIэ, биологиемкIэ дерсхэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэ псори пэшхэм щIалъхьэну.

Лицейм и гъунэгъу утри къагъэщIэращIэ. Абы текIуэдэну ахъшэр «Формирование современной городской среды» федеральнэ проектымкIэ къыхуаутIыпщащ. Гызыевым, Отаровым я уэрамхэри зэрагъэпэщыжащ, къалэдэсхэр зэрылъэIуам къыхэкIыу.

КIуэкIуэ Казбекрэ Iуащхьэмахуэ щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Соттаев Къурмэнрэ тепсэлъыхьащ щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм. Псом хуэмыдэу гулъытэ хэха хуащIащ егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ епха Iуэхухэр егъэфIэкIуэным.

ЩIыналъэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм ящыщщ Гундэлэн дэт еджапIэр зэрызэрагъэпэщыжри. Абы унэлъащIэхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ къращэлIащ. Дерс щрагъэкIуэкI пэшхэр дахэу ящIыным иужь итхэм ящыщщ школакIуэхэмрэ адэ-анэхэмри.

«Успех каждого ребёнка» федеральнэ проектымкIэ гъэ еджэгъуэм щIимыдзэж щIыкIэ и кIэм нагъэсынущ Тырныауз дэт курыт еджапIэ №6-мрэ гимназие №5-мрэ я спорт пэшхэр. «Точка роста» центр къыщызэIуахынущ Бахъсэн Ипщэрэ ЛашкIутIэрэ щыIэ школхэм. Абы щылэжьэнухэм я щIэныгъэмрэ Iэзагъэмрэ хагъэхъуакIэщ.

«Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ зыхуей хуагъэзэжащ Тырныауз дэт, Отаров Омар и цIэр зезыхьэ Краеведческэ музейр. Абы иджырей мардэхэм изагъэ Iэмэпсымэхэр щIагъэуващ, экспонатхэр зралъхьэн абджыпс ашыкхэри ягъэхьэзыращ. Центральнэ библиотекэри къагъэщIэрэщIэжауэ иджыпсту щIэтыпхъэхэр щIагъэувэ.

Iэтащхьэр а махуэм щыIащ Тырныауз горно-обогатительнэ комбинатым, яхуэзащ абы и унафэщIхэм. Комбинатым екIуалIэ, километр 11,3-рэ зи кIыхьагъ гъуэгур зыхуей хуагъазэ, ар мазэ 11-кIэ зэфIагъэкIын хуейуэ арами, нэхъ пасэу яухыну я мурадщ. Иджыпсту техникэ 75-рэ щIыпIэм щолажьэ. Апхуэдэуи газ, псы, ток ирашалIэ.

Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр лажьэу ирагъэжьэжыным иужь итщ, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир ищIа унафэм тету. Республикэм, къэралым дежкIэ мыхьэнэ хэха зиIэ IуэхущIапIэр зэфIэгъэувэжыныр и нэIэ щIэтщ УФ-м и Правительствэм. Ар ирагъэжьэну я мурадщ 2023 гъэм и кIэухым, 2024 гъэм и пэщIэдзэм. Вольфрамымрэ молибденымрэ хуэдэ гъуэщIхэкI нэгъуэщI щIыпIэ куэдым къыщыщIагъэкIыркъым. Ар машинэ, кхъухьлъатэ ухуэным, щIыдагъэ къыщIэшыным, зыхъумэжыныгъэ IэнатIэм къыщагъэсэбэп.

«Вольфрамымрэ молибденымрэ ди деж къыщыщIэгъэкIыным мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэ абыкIэ тхуэзэхъуэкIынущ нэгъуэщI щIыпIэ кърашэ гъуэщIхэкIхэр. КъищынэмыщIауэ, промышленнэ предприятэр ди республикэм щылэжьэн щIидзэжмэ, лэжьыгъэ IэнатIэщIэхэр диIэнущ, республикэ бюджетым налогыщIэхэр къыхуихьынущ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# Мырзэкъаным и зи чэзу текIуэныгъэ

**ШыщхьэуIум и 13 жэщым Сан-Диегэ (США) щекIуэкIащ UFC Fight Night зэзауэ зэхэтхэмкIэ зэхьэзэхуэ. Абы и зэпэщIэтыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу щытащ ди лъэпкъэгъу Мырзэкъан Азэмэтрэ хэгъэрейхэм я спортсмен Кларк Девинрэ яйр.**

ЗЭIУЩIЭР раундищкIэ екIуэкIащ икIи ди спортсмен цIэрыIуэм и текIуэныгъэкIэ иухащ. Техническэ нокауткIэ ар Кларк ефIэкIащ. Мырзэкъан Азэмэт и дежкIэ иджырей текIуэныгъэр UFC зэхьэзэхуэм щыетIуанэщ, и карьерэм щыепщыкIутIанэщ, зэи къыхагъэщIакъым. Мы гъэм и гъатхэпэм ди лъэпкъэгъум апхуэдэ дыдэу ещанэ раундым нокауткIэ щыхигъэщIауэ щытащ камерун зэуакIуэ Нчукви Тафон. Кларк текIуэныгъэ 13 иIэщ, 7-рэ къыхагъэщIащ.



Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменым зэIущIэм хухаха зэманыр имыух щIыкIэ текIуэныгъэ зэрызыIэригъэхьам папщIэ абы ехъуэхъуащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. «Азэмэт, си гум къыбгъэдэкIыу уэри, уи зэфIэкIхэм щыгуфIыкI дэтхэнэ зыми сынывохъуэхъу зи чэзу текIуэныгъэ лъэщымкIэ! АдэкIи ехъулIэныгъэ дахэрэ лъагапIэщIэрэ уиIэну. Дрогушхуэ уи зэфIэкIым!» - щыжиIащ Iэтащхьэм и хъуэхъу псалъэм.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

# Махуэ лъапIэмкIэ йохъуэхъу

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек спортсменхэм, физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ и лэжьакIуэхэм ехъуэхъуащ Физкультурникым и махуэмкIэ.**

ХЪУЭХЪУ тхыгъэм къыхощ: «Нобэ хуэфэщэн пщIэ яхудощI физическэ культурэмрэ спортымрэ зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщI дэтхэнэ зыми. Республикэм щыпсэу куэдым гъащIэ узыншэм зрат иужьрей илъэсхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм щIэх-щIэхыурэ урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрагъэхьэ.

Дэ дрогушхуэ ди лъэпкъэгъухэу Европэм, дуней псом, Олимп джэгухэм я чемпионхэм. Абыхэм я текIуэныгъэхэмрэ я зэфIэкIхэмрэ спортым и зыужьыныгъэм, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм я спорт талантхэр къэгъэнэIуэнымрэ абыхэм заужьынымрэ, сэбэп хуохъу.

Физкультурэ зэщIэхъееныгъэмрэ цIыхубэ спортымрэ зегъэужьыныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Республикэм Iуэхугъуэ куэд щызэфIагъэкI спорт инфраструктурэр псоми къагъэсэбэпыфын папщIэ. Спорт объектхэр яухуэ е зэрагъэпэщыж, спорт школхэр зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэмкiэ къызэрагъэпэщ, квалификацэ лъагэ зиIэ тренерхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ гъэхьэзырыным гулъытэ хэха хуащI. АдэкIи пытщэнущ унэтIыныгъэм зегъэужьыным, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу дэтхэнэ зыми гъащIэ узыншэ, жыджэр зэрырихьэкIыну Iэмалхэр къыхузэдгъэпэщынущ.

Физкультурникым и махуэм ирихьэлIэу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, къару мыкIуэщI, гухэхъуэгъуэ фиIэну, лъагапIэщIэхэр къэфщтэну».

# Къэрал ныпхэр щаIэтынущ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Налшык къалэ дэт, Науржан Ибрэхьим и цIэр зезыхьэ Гимназие №1-р зэзыгъэпэщыж лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIыр зригъэщIэну иджыблагъэ щыIащ.**

КУРЫТ щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэр 1961 гъэм яухуауэ щытащ. Мы зэманым абы сабий 700-м щIигъу щоджэ. Зэгъэпэщыжын хуей Iуэхугъуэхэм къызэщIаубыдэ еджапIэм и унащхьэр, бжэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ зэхъуэкIыныр, пэшхэм я лъэгур къиихауэ щIэ идзыжыныр, уэздыгъэ зэрыкIуэ кIапсэхэр, бжьамийхэр щIэуэ щIэшэжыныр, санитар-техникэ Iэмэпсымэхэмкiэ къызэгъэпэщыныр, унэ кIуэцI блынхэр зехьэныр. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ зэрахьэ икIи къагъэщIэрэщIэж еджапIэм и IуплъапIэм ехьэлIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр зэфIэкIащ - унащхьэр тралъхьащ, бжэ-щхьэгъубжэхэр халъхьащ.

КъБР-м и Iэтащхьэр апхуэдэу щыIащ къалэр гъэдэхэным икIи зэIузэпэщ щIыным ехьэлIауэ ухуэныгъэхэр щекIуэкI щIыпIэхэм. Апхуэдэу КIуэкIуэ Казбек щыIащ Къуэныкъуей Назир и цIэр зезыхьэ уэрамым деж щагъэтIыса жыг хадэ мащIэм лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIым еплъыну. Мы зэманым абдеж лъэс лъагъуэхэр тралъхьащ, уэздыгъэ пкъохэр щагъэуващ, сабийхэр щыджэгу, я нэгур зыщрагъэужь хъуну зыгъэпсэхупIэхэри щащIащ. УдзыпцIэхэм IэкIэ зэрагъакIуэ псыщIэгъэлъадэхэр хуащIащ. Бжьыхьэ пщIондэ жыг хадэ мащIэм иджыри жыгыщIэхэр щагъэтIысыну я мурадщ.

Абхъаз утми ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр щIэгъэхуэбжьауэ щокIуэкI. УнафэщIхэм къыхалъхьа проектым ипкъ иткIэ, Абхъаз утымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ ягъэтIысыну жыг хадэмрэ зы архитектурэ жыпхъэ яIэнущ. ЩIыпIэм зэрызрагъэукъуэдиям и мызакъуэу, мыбдеж зекIуапIэхэмрэ лъэс лъагъуэхэмрэ и кIыхьагъкIэ пхашынущ, тетIысхьэпIэхэр трагъэувэнущ, щIыпIэ-щIыпIэкIэ ут щхъуантIэхэр щащIынущ. «Апхуэдэ дыдэу, - щетх и Телеграмым КIуэкIуэ Казбек, - ЗэгурыIуэныгъэм и утри зэдгъэпэщыну ди гугъэщ. IэщIагъэлIхэр иужь ихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ я къэрал ныпхэр зытетыну шыкуэтэнхэм я гъэувыным. Ныпхэр шыщхьэуIум и 22-м - Урысейм и къэрал ныпым и махуэм - яIэтыну траухуащ. Шыкуэтэнхэм я лъагагъыр метр 35-рэ хъунущ, ныпхэр къызыхэщIыкIа щэкIхэм я инагъри метри 7 x 10,5-рэ хъунущ.







# Щэнхабзэм и зыужьыныгъэ

**Налшык и «Искож» хьэблэм ухуэныгъэ гъэщIэгъуэн и кIэм щынагъэс. Щэнхабзэ зыужьыныгъэм и IуэхущIапIэр лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ ящI. Метр зэбгъузэнатIэу миниплIым щIигъу зи инагъ ухуэныгъэр архитектурэ и лъэныкъуэкIэ гъэщIэгъуэнщ - абы удз гъэгъам и теплъэ иIэщ.**

УНЭР зищIысыр тратхакIэщ абы. Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ центрым и бжэхэр абы екIуэлIэнухэм папщIэ мыгувэу къызэIуахынущ.

Къызэрыхэдгъэщащи, удз гъэгъа теплъэ зиIэ ухуэныгъэр дахэ дыдэщ. ЕтIуанэ къатым удэкIуеяуэ иужь, пщIантIэ зэIуха цIыкIум укъыщохутэ. Пэш щхьэхуэхэр и хъуреягъкIэ къегъэувэкIащ, пэшым и кум уитмэ ихъуреягъкIэ къыщыхъум укIэлъоплъыф.

Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ центрым щылэжьэнущ къафэмрэ гимнастикэмрэ щыхуагъэсэну пэшышхуэ. Iэмэпсымэхэр, щыгъынхэр щахъуми хэтщ абы. Утыку кърахьэ Iуэхухэр щагъэлъагъуэ пэшым цIыху 200-м нэс щIохуэ. Иджыпсту IэщIагъэлIхэм сценэр зыхуей хуагъазэ. Мы махуэхэм иджыри къашэнущ ар къэзыгъэнэху Iэмэпсымэщiэхэр.

Мыбы гъэлъэгъуэныгъэхэр къыщызэрагъэпэщыну я мурадщ, творческэ студиехэмрэ лъэщапIэхэмрэ щылэжьэнущ, лекцэ къыщеджэ пэшхэр хэтынущ.

«Искож»-р Налшык и хьэблэ нэхъ цIыху куэд зыдэсхэм ящыщ зыщ. Абы илъэс Iэджэ хъуауэ ЩэнхабзэмкIэ уни кинотеатри зэрыдэмытыр къэплъытэмэ, мы IуэхущIапIэр къыщызэIуахынум цIыхухэр зэрыпэплъэр шэч къызытумыхьэнщ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

• adyghe@mail.ru • adyghepsale.ru • apkbr.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ • Адыгэ Псалъэ •

# Къэбэрдей-Балъкъэрыр 1922 - 2022 гъэхэм

***Iэ фIыр игъэбагъуэрэ зыхуэныкъуэр зэригъэпэщу зы лIэщIыгъуэкIэ къэгъуэгурыкIуа республикэм тхыдэ къулей икIи гъэщIэгъуэн иIэщ. ЛъэхъэнэкIэ зэпыбудми, илъэс бжыгъэкIэ къэппщытэжми, ди лъахэр фIым щыхуэмыпабгъэ, зыужьыныгъэм и лъагъуэм щытемыта къэхъуакъым. Пэжщ, лъэпощхьэпо куэд щыIуащ а гъуэгуанэ кIыхьым, ауэ фIым Iейр зэригъэзэхуэжу, мыхъумыщIагъэм IуэхугъуэфIхэр къыкIэлъыкIуэу екIуэкIащ.***

***Ипэ дыдэм къыщыщIэддзэрэ дэфтэрхэм къытхуаIуатэжхэр и лъабжьэу илъэс бжыгъэхэм дриплъэжмэ, гъэщIэгъуэн куэд къэтщIэнущ.***

***Фи пащхьэ итлъхьэ лэжьыгъэр зэхуэзыхьэсар Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и къэрал институтырщ, проектым и унафэщIыр тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Дзэмыхь Къасболэтщ.***

**1922 гъэм щIышылэм и 16-м** РСФСР-м и ВЦИК-м и Президиумым декрет къищтащ Къэбэрдей-Балъкъэр автономнэ областыр къызэрызэрагъэпэщымкIэ. Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ Бгылъэ автоном республикэм къыхагъэкIыжри, 1922 гъэм шыщхьэуIум и 17-м а тIур зэрызыхагъэхьэжым теухуа унафэр къыдагъэкIащ РКП (б)-м и Къэбэрдей обкомымрэ Балъкъэр оргбюромрэ. 1922 гъэм фокIадэм и 6-м исполком зэгуэтым IэIэткIэ щыхахащ Къалмыкъ БетIал, абы и къуэдзэу ягъэуващ Энеев М., Фаддеев Ф., Боровицкий И. секретару хахащ.

**1922 гъэм дыгъэгъазэм и 6 - 9 махуэхэм** Советхэм я япэ област съездыр Налшык щекIуэкIащ. Абы щыгъуэм Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ зы автоном областу зэрызэгухьэжыр, РСФСР-м зэрыхэтыр иджыри зэ щIагъэбыдэжри, экономикэ зыужьыныгъэм, цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным, узыншагъэр егъэфIэкIуэным теухуа Iуэхухэм тепсэлъыхьащ икIи цIыху 30 зыхэт Облисполком хахри, Къалмыкъ БетIал унафэщIу ягъэуващ.

**1923 гъэм фокIадэм и 23-м** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Советхэм я III съездым унафэ къыщащтащ ЕджапIэ къалэ цIыкIу Налшык къыщызэIуахыну, аращ япэ дыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуаха еджапIэр. 1924 гъэм и мазаем IуэхущIапIэм Ленин и цIэр зезыхьэ еджапIэ къалэ цIыкIу фIащащ (ЛУГ). Абы хыхьэу лэжьэн щIидзащ Пионерхэм я унэм, совпарт школым, педтехникумым, мэкъумэш IэщIагъэхэм щыхурагъаджэ техникумым. 1931 гъэм ЛУГ-р еджапIэ щхьэхуэ-щхьэхуэу ягуэшащ.

**1926 гъэм щIышылэм и 6-м** Къэбэрдей-Балъкъэр облисполкомым и унафэкIэ и бжэхэр зэIуихащ ЩIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым.

**1930 гъэм и накъыгъэм** ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и Япэ секретару хахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэшхуэ Къалмыкъ БетIал (1893-1940).

**1930 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м** ВКП (б)-м и ЦК-м унафэ къыдигъэкIащ 1930-1931 гъэ еджэгъуэм ирихьэлIэу къалэхэмрэ къуажэхэмрэ пэщIэдзэ, илъэсибл еджапIэхэр къызэрагъэпэщыну. Абы ирихьэлIэу еджапIэхэр зэраухуэн ахъшэ къаIэрыхьэу хуежьащ, пщыхэмрэ уэркъхэмрэ я унэшхуэхэм сабийхэр щрагъаджэу яублащ, унагъуэ хуэмыщIахэм къахэкIа сабийхэм ядэIэпыкъун щIадзащ. 1932 - 1933 гъэхэм зи школ кIуэгъуэ хъуахэр еджапIэм екIуалIэрт, апхуэдэ IуэхущIапIэу 247-рэ къызэIуахауэ ныбжьыщIэ мин 37,9-рэ щеджэрт.

**1932 гъэм щIышылэм и 2-м** округхэр район зэращIыжым теухуа унафэ къыдэкIащ икIи Налшык, Балъкъэр, Бахъсэн, Нагорнэ, Прималкинскэ, Мало-Кабардинскэ, Аруан округхэр район ящIащ Къэбэрдей-Балъкъэр облисполкомым и Президиумым и унафэкIэ.

**1932 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм я IуэхущIапIэ япэу къызэрагъэпэщащ, адыгэ, балъкъэр, урыс секцэхэр иIэу.

**1932 гъэм мэкъуауэгъуэм и 7-м** Горскэ педагогикэ институтыр тIууэ зэхагъэкIри, Къэбэрдей-Балъкъэр, Ищхъэрэ-Осетие пединститут ящIащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутыр зыщIэсын унэ Налшык щауухуэхукIэ, ар Псыхуабэ дэтащ.

**1933 гъэм** «КъэруущIэ» (адыгэбзэкIэ), «Къабарты-Малкъар» (балъкъэрыбзэкIэ), «Кабардино-Балкария» (урысыбзэкIэ) литературэ альманаххэр къыдэкIын щIадзащ.

**1933 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м** «Кабардинка» Къэбэрдей-Балъкъэр ансамблыр къызэрагъэпэщащ. ЛУГ-м къыщызэIуахащ лъэпкъ гъуазджэмкIэ студие.

**1934 гъэм щIышылэм и 4-м** КъБАО-м япэ дыдэу Ленин орденыр къратащ. А дамыгъэ лъапIэр къыпэкIуащ колхозхэр къызэгъэпэщыным, зегъэужьыным хуэунэтIауэ щIыналъэм щекIуэкI лэжьыгъэм.

**1935 гъэм** адыгэ, балъкъэр усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса япэ тхылъыр дунейм къытехьащ.

**1935 гъэм** къэбэрдей, балъкъэр театр студиехэр Луначарскэм и цIэр зезыхьэ театр гъуазджэхэмкIэ къэрал институтым къыщызэIуахащ. А гъэм и бадзэуэгъуэ - шыщхьэуIу мазэхэм Москва ягъэкIуэну еджакIуэхэр къыхахащ.

**1936 гъэм** Бахъсэн гидроэлектростанцыр яутIыпщащ. Абы иджы электрокъарукIэ къызэригъэпэщырт промышленнэ предприятэхэр, совхозхэр, къалэхэмрэ районхэмрэ. Бахъсэн ГЭС-м икIыу, Псыхуабэрэ Мэшыкъуэрэ токыр яIэрыхьащ, Псыхуабэрэ Минводрэ электромафIэгукIэ зэпащIащ, Кисловодск, ЕссэнтIыгу, Железноводск зыгъэпсэхупIэхэр къызэщIиубыдэу.

**1936 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м** Урыс къэрал драмэ театрыр къызэIуахащ. Абы и репертуарыр тегъэпсыхьат гъащIэщIэр зыухуэхэм.

**1936 гъэм дыгъэгъазэм 5-м** СССР-м и Конституцэр къащтащ.

**1937 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал педагогикэ институтыр Псыхуабэ кърахыжри, Налшык къахьыжащ. Абы ирихьэлIэу лэжьэн щIадзат Конституцэм къыщыхьа хабзэхэми. ЦIыхухэр зыщыщ лъэпкъ, яIыгъ дин емылъытауэ, пщIэншэу щIэныгъэ зрагъэгъуэтыну хуит хъуащ.

**1937 гъэм накъыгъэм и 1-м** Къэбэрдей колхоз-совхоз театрыр къызэрагъэпэщащ. Аращ лъэпкъ драматургием зиужьыным лъабжьэ хуэхъуари. 1939 гъэм «Мэжидрэ Марьятрэ пьесэр ягъэуващ, абы къыкIэлъыкIуащ Шортэн Аскэрбий и «Батыр и къуажэр» драмэр.

**1937 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м** Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Конституцэр къащтащ. Иджы ди лъахэм игъуэтащ езым и хабзэубзыху къулыкъущIапIэ – Совет Нэхъыщхьэ.

**1939 гъэм мазаем и 1-м** Къэбэрдей къэрал хорыр япэу утыку къихьащ. Абы хуабжьу елэжьащ лъэпкъ гъуазджэм зиужьыным зи гуащIэ ин хэзылъхьахэу Авраамов А., ЩоджэнцIыкIу Алий сымэ.

**1939 гъэм щэкIуэгъуэм и 8-м** Балъкъэр колхоз-совхоз театрыр къызэрагъэпэщащ, а махуэ дыдэми япэ спектаклыр ягъэлъэгъуащ.

**1940 гъэм шыщхьэуIум и 3-м** Балъкъэр къэрал хорыр къызэрагъэпэщащ. А гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм адыгэхэри балъкъэрхэри зэхагъэхьэжри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал хорыр къэунэхуащ.

**1940 гъэм и фокIадэм** Тырныауз лэжьэн щыщIидзащ вольфрам-молибден комбинатым. Ар цIыху мини 6,5-рэ щылажьэ предприятэ лъэрызехьэ хъуащ, къыщIигъэкI гъущIхэкIхэр IуэхущIапIэ мини 10-м нэблагъэм ирагъашэу. Комбинатым Совет къэралыгъуэм и промышленностым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ.

**1940 гъэм жэпуэгъуэм 26-м** Къэбэрдей, Балъкъэр къэрал драмэ театрхэр къызэIуахащ.

**1941-1945 гъэхэм** Хэку зауэшхуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху мин 70-м нэблагъэ. Абыхэм ящыщу мин 40-м къагъэзэжакъым. ЦIыху мин 12-р орденхэмрэ медалхэмкIэ ягъэпэжащ, цIыху 33-р Совет Союзым и лIыхъужь хъуащ.

**1941 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м** СССР-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и къэрал комитетым и унафэкIэ, ЗыхъумэжыныгъэмкIэ Налшык комитет къызэIуахащ, зауэм ехьэлIа хуэIухуэщIэхэр, армэмрэ флотымрэ зыхуэныкъуэхэр къызэригъэпэщын папщIэ.

**1941 гъэм и шыщхьэуIу-щэкIуэгъуэ** мазэхэм гъуазджэм и лэжьакIуэ цIыху цIэрыIуэхэм я унагъуэхэр я гъусэу къашат Налшык, зэхэуэ гуащIэ щекIуэкI щыпIэхэм кърашри. Псалъэм папщIэ, режиссёр Немирович-Данченкэ, композитор Прокофьев Сергей сымэ зауэм и пэщIэдзэм Налшык дэсащ.

**1941 гъэм щэкIуэгъуэм и 13-м** Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизэр къызэрагъэпэщыну унафэ къащтауэ щытащ. 1942 гъэм накъыгъэм и 2-м шуудзэр Дзэ Плъыжьым хагъэхьэгъащ.

**1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м** щегъэжьауэ 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 9 пщIондэ Кавказым зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкIащ. Фронтым Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Шэшэн-Ингушым, Ищхъэрэ-Осетием зыщиубгъуат. А щIыналъэхэм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэрщ Кавказыр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къаIэщIэзыхар. Дзэ Плъыжьыр я дэIэпыкъуэгъути, Гитлер и цIыхухэм я мурадхэр зэтракъутащ. Абы къигъэлъэгъуащ СССР-м и хэгъэгухэри и цIыхухэри я хэкур яхъумэныжыным зэрыхуэпабгъэр, зэкъуэту бийм зэрыпэщIэтыфыр. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, лъэпкъыу исыр зылI и быну зэкъуэувауэ текIуэныгъэм щIэзэурт, зы дивизэ псо къызэригъэпэщри, фронтым Iуигъэхьат.

**1943 гъэм щIышылэм и пэщIэдзэм** Къэбэрдей-Балъкъэрыр фашистхэм къыIэщIахыжащ.

**1943 гъэм и мазаем** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармониер къызэIуахащ.

**1944 гъэм гъатхэпэм и 8-м** Балъкъэр лъэпкъыр залымыгъэкIэ и хэкум ирашащ. Ауэ КПСС-м и XX съездым пэжым гъуэгу щигъуэтыжащ.

**1952 гъэм** япэ къэбэрдей оперэ студием еджэн къиухащ. 1946 гъэм щыщIэдзауэ 1956 гъэ пщIондэ Ленинград консерваторэр ди республикэм щыщу цIыху 38-м къаухащ. Ахэрауэ жыпIэ хъунущ республикэм и щэнхабзэ зыужьыныгъэм, къэбэрей-балъкъэр макъамэм и лъабжьэр зыгъэтIылъар. Еджэн къаухри, хэгъэгум къагъэзэжащ музыкэмкIэ щIэныгъэ зыбгъэдэлъхэу ХьэхъупащIэ Хь., Ерчэн Л., Блэнауэ Б., Къуэдзокъуэ В., Къардэн Хь., Хьэсанэ М., КIэрэф Хь., Сокъур В., Сэкрэк Хь., КIуащ В., Шэрий И., КIуэкIуэ М., Нэфлъашэ Н., Балэ М. сымэ.

**1956 гъэм** Налшык музыкэ училищэр къыщызэIуахащ. Иджы ди республикэм иIэ хъуат макъамэ лъагэм щыхуеджэн IуэхущIапIэ.

**1956 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и СурэтыщIхэм я союзыр къызэIуахащ.

**1957 гъэм гъатхэпэм и 28-м** балъкъэр лъэпкъым и автономиер зэфIагъэувэжащ. Партым и XX съездым къыщащта унафэхэм ящыщщ цIыху щхьэхуэ мыхъуу, лей къызытехьа лъэпкъхэри я хэку итIысхьэжыну зэрыхуитыр. Балъкъэрхэм къыщагъэзэжым, Къэбэрдей АССР-р Къэбэрдей-Балъкъэр АССР ящIыжауэ щытащ.



**1957 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м** СССР-м и Министрхэм я Советым унафэ къыдигъэкIащ Пединститутым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет къыщызэIуахыну иту. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуащ щIыналъэм промышленностым, мэкъумэш IэнатIэм, щэнхабзэм зэрызыщиужьым къыхэкIыу, IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырын зэрыхуейр. ФIэкIыпIэ имыIэу гъэхьэзырын хуейт ухуакIуэхэр, инженерхэр, агрономхэр, зоотехникхэр. КъБКъУ-м и япэ ректору ягъэуващ Бэрбэч ХьэтIутIэ.

**1957 гъэм гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м етIуанэу къыхуагъэфэщащ Ленин орденыр.

**1957 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым япэу къыщызэIуахащ телевиденэ студие.

**1960 гъэм** къызэIуахауэ щытащ Культурно-просветительскэ училищэр. Абы щыгъуэм республикэ псом зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэр къыщыхахат гъуазджэм, щэнхабзэм хуагъэсэн папщIэ. А училищэр япэ къэзыухахэм щэнхабзэ дунейм щыцIэрыIуэ куэд къахэкIащ.

**1960 гъэм мазаем и 15-м** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Композиторхэм я союзми и бжэхэр зэIуихащ икIи 80 гъэхэм ирихьэлIэу ар РСФСР-м и Композиторхэм я союзым и къудамэ нэхъ инхэм ящыщ хъуащ. Абы хэтт композитор 15-рэ музыковеду 2-рэ.

**1964 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м** ягъэлъэгъуауэ щытащ «Лалуцэ» лъэпкъ балетыр. Мис ар и къыщIэдзапIэу къэплъытэ хъунущ Музыкэ театрым. ИлъэситI дэкIри абы къыкIэлъыкIуащ «Дахэнагъуэ» балетыр.

**1965 гъэм** ирихьэлIащ къафэмрэ уэрэдхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал ансамблым къэфакIуэхэр къыхагъэкIыу «Кабардинка»-р щхьэхуэу утыку къыщихьар. Ансамблым хэта уэрэджыIакIуэхэр хор щхьэхуэу ягъэпсащ.

**1967 гъэм** екIуэкIащ Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я япэ республикэ съездыр. Абы щаубзыхуащ щэнхабзэм и зыужьыныгъэм папщIэ щIапхъэ псори. Мы Iуэхум теухуауэ къалэн куэд дыдэ зыгъэзэщIахэм, нобэ щэнхабзэ IуэхущIапIэу Налшык дэтым я нэхъыбэр езыгъэщIахэм ящыщщ Ефэнды Джылахъстэн.

**1968 гъэм мазаем и 28-м** Къэбэрдей-Балъкъэр музыкэ театрыр къызэIуахащ. Ар сэбэп хъуащ оперэщIэхэр, балетыщIэхэр, музыкэ комедиехэр дунейм къытехьэнымкIэ.

**1971 гъэм фокIадэм и 1-м** Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъэпIащ КъБАССР-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 50 зэрырикъур. А гъэм шыщхьэуIум и 31-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ ди лъахэм орден ещанэр – Октябрь Революцэм и орденыр – къыхуагъэфэщауэ щытащ. А зэманым ирихьэлIэу КъБАССР-м и ныпым иджыри зы дамыгъэ къытехутащ – Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм и орденыр.

**1981 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэмрэ гъуазджэмрэ я махуэхэр Москва щокIуэкI, республикэм и автономиер илъэс 60 зэрырикъум и щIыхькIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэгъэпса кинофестивалым щагъэлъэгъуащ «Приэльбрусье», «Курорт Нальчик», «Лавина с гор», «Наездник из Кабарды» фильмхэр, нэгъуэщIхэри. Москва зыкъыщигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр симфоние оркестрми, ди сурэтыщIхэм я IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъи щекIуэкIащ абы.

**1981 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ къыдигъэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Агромелиоративнэ институт къызэгъэпэщыным и IуэхукIэ. Абы лъабжьэ хуэхъуащ КъБКъУ-м мэкъумэшымрэ механизацэмрэ и факультетхэр. ЕджапIэщIэ къызэIуахам и къалэн нэхъыщхьэр «Агрономия», «Зоотехния», «Механизация сельского хозяйства», «Гидромелиорация», «Механизация гидромелиоративных работ» IэнатIэхэмкIэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынырт. Мэкъумэш институтым и япэ ректору ягъэуващ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор ФиIэпщэ Борис.

**1990 гъэм гъатхэпэм и 18-м** КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и хэхыныгъэхэр екIуэкIащ.

**1991 гъэм щIышылэм и 31-м** Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ иIэным теухуа декларацэр къащтащ. Иджы ар 1936 гъэ лъандэрэ зытет автоном республикэм къытекIыу, къэралыгъуэ иIэу адэкIэ зиужьыну, адыгэбзэр, балъкъэрыбзэр, урысыбзэр къэралыбзэу щызекIуэну, ис лъэпкъ псори щызэхуагъэдэу псэуну хуитыныгъэ иIэт.

**1991 гъэм шыщхьэуIум и 19-м** СССР-м КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ къэрал комитет (ГКЧП) къыщызэрагъэпэщащ. СССР-м и Президент Горбачёв Михаил трагъэкIащ. Комитетым къалэн зыщищIыжат къэралым и экономикэ, политикэ Iуэху екIуэкIахэр зэпIэзэрыт ищIыжыну. 1991 гъэм шыщхьэуIум и 22-м ГКЧП-м хэтхэр яубыдащ. А махуэхэм екIуэкIа Iуэхугъуэхэм кърикIуащ СССР-р лъэлъэжынри.

**1992 гъэм щIышылэм и 5-м** Къэбэрдей-Балъкъэрым япэ президент хэхыныгъэхэр щекIуэкIащ. Президенту хахащ КIуэкIуэ Валерий Мухьэмэд и къуэр.

**1922 гъэм и гъатхэпэм и 10-м** зэхэтащ Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и еханэ сессием и зэIущIэ. Абы КъБАССР-р КъБР-кIэ щызэрахъуэкIащ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Министрхэм я Советым и унафэщIу Черкесов Георгий щыхахащ. Урысей Федерацэм хэт Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал статусыр иджырей мардэм изагъэу зэрагъэзэхуащ.

**1992 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-м** Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэ зэдащIащ. Абыхэм я нэIэ щIэтынут хэгъэгу зэпэщхьэхуищым я псэукIэм, экономикэм, лъэпкъ зэхущытыкIэм теухуа IуэхугъуэхэР.

**1992 гъэм бадзэуэгъуэм и 31-м** ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и бжэхэр зэIуихащ.

**1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м** КъБР-м и Парламентым хэхыныгъэхэр щекIуэкIащ. Абы япэу палатитI лэжьэн щыщIидзащ – ЛIыкIуэхэм я советрэ Республикэм и советрэ. Илъэситху пIалъэкIи лэжьэну яубзыхуащ. Республикэм и советым депутат 36-рэ хэтт, ЛIыкIуэхэм я советми – апхуэдиз. КъБР-м палатитI хъу Парламентыр 2003 гъэ пщIондэ щыIащ.

**1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м** УФ-м и Конституцэр къащтащ. Ар щIэдзапIэ хуэхъуащ Урысейм щекIуэкIа демократие зэхъуэкIыныгъэхэм.

**1994 гъэм гъатхэпэм и 28-м** Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэр ягъэуващ.

**1994 гъэм щэкIуэгъуэм и 4-м** Къэбэрдей тхакIуэхэм я япэ съездыр зэхэтащ. Абы къыщыпсэлъащ КъБР-м и Президент КIуэкIуэ Валерэ.

**1994 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м** КъБР-м и Парламентым къищтащ «КъБР-м ис лъэпкъхэм я бзэм теухуауэ» законыр, абы ипкъ иткIэ, бзищыр – адыгэбзэр, балъкъэрыбзэр, урысыбзэр – къэралыбзэу ягъэуващ.

**1994 гъэм** «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым «академическэ» цIэр хуагъэфэщащ. Кавказ Ищхъэрэм и къэфакIуэ ансамблхэм ящыщу «Кабардинка»-ращ апхуэдэ цIэр япэу зыфIащар.

**1995 гъэм и мазаем** Балъкъэр тхакIуэхэм я япэ съездыр зэхэтащ. Абы фIэхъус псалъэ щыжиIащ КъБР-м и Президент КIуэкIуэ Валерэ.

**1995 гъэм гъатхэпэм и 22-м** КъБР-м и композиторхэм я япэ съездыр екIуэкIащ.

**1996 гъэм и гъатхэпэм** Студент щIалэгъуалэм я фестиваль Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ Урысей Ипщэм и хэгъэгухэри, щIыналъэ нэхъ жыжьэхэм къикIахэри. Фестивалым и къэзэгъэпэщакIуэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетрат. Ар 2000 гъэ пщIондэ илъэс къэс екIуэкIащ.

**1997 гъэм щIышылэм и 12-м** КIуэкIуэ Валерэ иджыри илъэситхукIэ КъБР-м и Президенту щытыну хахыжащ. Республикэм исхэм я процент 97,72-рэ къекIуэлIащ хэхыпIэхэм.

**1997 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м** КъБР-м, АР-м, КъШР-м я Парламентхэр зэдэлэжьэну совет къызэрагъэпэщащ. ЗэгурыIуэныгъэм лъабжьэ хуэхъуар цIыхубэм я зыужьыныгъэм телэжьэнырт.

**1997 гъэм фокIадэм и 1-м** КъБР-м и Конституцэр къащтащ. КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэр ягъэуващ.

**1997 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м** Парламент хэхыныгъэхэр екIуэкIащ. Депутат хъуащ адыгэу 39-рэ, балъкъэру 14, урысу 16, нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIауэ 2.

**2000 гъэм** Къардэн Мурат олимп чемпион Сидней щыхъуащ, алыджурым бэнэкIэмкIэ.

**2001 гъэм** Налшык щрагъэкIуэкIащ гъуазджэмкIэ IэщIагъэлIхэм я фестиваль. «Мир Кавказу» зэхыхьэшхуэм щIыналъэ 14-м къикIа цIыху 600 хэтащ. Фестивалым хэту КъБР-м и Правительствэмрэ УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэрэ гъуазджэ, щэнхабзэ, кинематографие лъэныкъуэхэмкIэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа ЗэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ.

**2002 гъэм** щIышылэм и 13-м КIуэкIуэ Валерэ ещанэу хахащ КъБР-м и Президенту.

**2003 гъэм** Парламент хэхыныгъэхэр екIуэкIащ икIи зы палатэ фIэкIа имыIэу лэжьэн щIидзащ.

**2005 гъэм** КъБР-м и Закон Нэхъыщхьэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. УФ-м и Конституцэм къызэригъэувым тету, Президентым и хэхыкIэм зихъуэжащ, а IэнатIэр зыхуагъэфэщар УФ-м и Президентым къигъэлъагъуэу парламентархэм хахын хуейуэ ящIат. Апхуэдэуи КъБР-м и вице-президент къулыкъур Iуахыжащ. ЗэхуэсыгъуищкIэ хэплъа, депутатхэр зэчэнджэща нэужь, «КъБР-м и Конституцэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэм ятеухуауэ» законыр къащтащ.

**2005 гъэм фокIадэм и 28-м** Парламентым хэтхэм къащтащ КъБР-м и Президент КIуэкIуэ Валерэ и къулыкъум зэрытекIыр.

**2005 гъэм** фокIадэм и 28-м КъБР-м и Президенту ягъэуващ Къанокъуэ Арсен.

**2005 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м дунейм** ехыжащ политик цIэрыIуэ, къэрал лэжьакIуэ жыджэр, унафэщI губзыгъэ, цIыху щыпкъэ КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэр. 2001 гъэм Урысей Федерацэм и Къэрал Советым и Президиумым хэтащ ар. 1996 гъэм щегъэжьауэ 2001 гъэ хъуху къулыкъу лъагитI зэдихьащ – а зэманым Урысей Федерацэм ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщIым и къуэдзэу щытащ КIуэкIуэр.

**2006 гъэм и гъатхэпэм** КъБР-м и Президентым деж щыIэ Жылагъуэ-чэнджэщакIуэ советыр къызэрагъэпэщащ.

**2007 гъэм фокIадэм и 7-9-хэм** Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур Iэтауэ ягъэлъэпIащ.

**2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 18-м** ягъэлъэпIауэ щытащ Мэлбахъуэ Тимборэ (1917-1999) къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъур. Ар КПСС-м и обкомым и япэ секретару 1956 гъэм щегъэжьауэ 1985 гъэ пщIондэ лэжьащ.

**2008 гъэм и шыщхьэIум** Олимп джэгухэр екIуэкIащ. Абы щытекIуащ ди лъахэгъу Хьущт Аслъэнбэч, жэз медал къыщихьащ Аккаев Хьэжмурат.

**2008 гъэм фокIадэм и 5-м** Урысей Федерацэм и Президентым и зэIущIапIэ Налшык къыщызэIуахащ.

**2008 гъэм фокIадэм и 17-м** Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIащ шахмат джэгу бзылъхугъэхэм я дунейпсо чемпионат. Абы щытекIуащ Урысейм щыщ Костенюк Марие.

**2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-м** УФ-м и Конституцэм халъхьэжа зэхъуэкIыныгъэхэм папщIэ IэIэт екIуэкIащ.

**2009 гъэм мазаем и 27-м** ФедерацэмкIэ Советым хэтхэм я зэIущIэ Налшык къалэ щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ УФ-м и щIыналъэхэм я экономикэм, щыIэкIэ-псэукIэм.

**2009 гъэм гъатхэпэм и 1-м** КъБР-м и Парламентым и еплIанэ зэхыхьэгъуэм хэтынухэр хахащ.

**2009 гъэм фокIадэм и 1-м** усакIуэ, тхакIуэ КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэс 95-рэ щрикъум ирихьэлIэу Налшык къыщызэIуахауэ щытащ абы и фэеплъ. Ар тетщ езым и цIэр зезыхьэ уэрамым.

**2010 гъэм щIышылэм и 19-м** Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэр къызэрагъэпэщащ хэгъэгуи 6 къызэщIиубыдэу.

**2010 гъэм мазаем и 27-м** Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий лэжьыгъэ IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуауэ щытащ.

**2010 гъэм гъатхэпэм и 25-м** Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий ищIа унафэм тету Налшык къалэ къыфIащащ – «Дзэ щIыхьым и къалэ» цIэ лъапIэр.

**2010 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8 - 9** махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэхэр ФедерацэмкIэ Советым щекIуэкIащ.

**2010 гъэм фокIадэм и 1-м** КъБР-м и Парламентым и депутахэм етIуанэ пIалъэкIэ КъБР-м и Президенту хахыжащ Къанокъуэ Арсен.

**2011 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м** Кавказ Ищхъэрэм ит еджапIэ нэхъыщхьэхэм я ректорэм я зэIущIэ Налшык къалэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министр Фурсенкэ Андрей.

**2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м** КъБР-м и Президентым деж щыIэ Жылагъуэ совет къызэрагъэпэщащ.

**2011 гъэм фокIадэм и 1-м** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэс 90 зэрырикъур ягъэлъэпIащ.

**2011 гъэм фокIадэм и 29-м** «КъБР-м и Президент» къулыкъум зэреджэр зэрахъуэкIащ. 2012 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ «КъБР-м и IэтащхьэкIэ» еджэ хъуащ.

**2011 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м** Къэрал Думэм и VI зэхыхьэгъуэм щылэжьэнухэр хахащ.

**2012 гъэм гъатхэпэм и 4-м** УФ-м и Президент хэхыныгъэхэр екIуэкIащ. Абы щытекIуащ Путин Владимир.

**2013 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м** Аруан районым и къалащхьэ Нарткъалэ илъэси 100 зэрырикъум теухуа дауэдапщэхэр республикэм щызэхэтащ.

**2013 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м** УФ-м и Президент Путин Владимир езым и лъэIукIэ тригъэкIащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен. А къулыкъур пIалъэкIэ игъэзэщIэну и пщэ иралъхьащ КIуэкIуэ Юрий. Къанокъуэ Арсен УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хагъэхьащ.

**2013 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м** КъБР-м и Правительствэр щIэуэ зэхашащ.

**2014 гъэм шыщхьэуIум и 12-м** КъБР-м и Iэтащхьэм и къулыкъур пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий и унафэкIэ, фокIадэм и 20-р Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэу ягъэуващ.

**2014 гъэм фокIадэм и 1-м** Налшык къыщызэIуахащ Мэлбахъуэ Тиморэ и фэеплъ.

**2014 гъэм фокIадэм и 14-м** КъБР-м и Парламентым и V зэхуэсыгъуэм хэтынухэр хахащ.

**2014 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м** КIуэкIуэ Юрий КъБР-м и Парламентым и къулыкъум трагъэуващ, Парламентым щекIуэкIа хэхыныгъэхэм япкъ иткIэ.

**2016 гъэм шыщхьэуIум и 7-м** ди лъахэгъу Мудрэн Беслъэн Олимп Джэгухэм щытекIуащ.

**2016 гъэм шыщхьэуIум и 19-м** Олимп Джэгухэм дыжьын медаль къыщихьащ Джэду Iэниуар.

**2017 гъэм шыщхьэуIум и 13-м** Лондон щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым щытекIуащ ди лъахэгъу пщащэ Ласицкене Марие, иджы ар щэнейрэ дунейпсо чемпионкэщ.

**2017 гъэм и фокIадэм** Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм дамэгъу зэрыхуэхъурэ илъэс 460-рэ зэрырикъур ягъэлъэпIащ.

**2018 гъэм фокIадэм и 26-м** УФ-м и Президент Путин Владимир КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ игъэзэщIэну и пщэ ирилъхьащ КIуэкIуэ Казбек.

**2019 гъэм и накъыгъэм** КъБР-м и Парламентыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъур ягъэлъэпIащ.

**2019 гъэм фокIадэм и 8-м** КъБР-м и Парламент хэхыныгъэхэр екIуэкIащ. 2019 гъэм фокIадэм и 19-м КъБРм и Парламентым и VI зэхуэсыгъуэхэм хэтхэм я япэ зэIущIэр екIуэкIащ. Парламентым и УнафэщIу хахыжащ Егоровэ Татьянэ.

**2019 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м** КъБР-м и Iэтащхьэр щыхахащ Парламентым. А къулыкъур хуагъэфэщащ КIуэкIуэ Казбек.

**2019 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м** УФ-м и Президент Путин Владимир лэжьыгъэ IуэхукIэ республикэм къэкIуащ. Абы Налшык щригъэкIуэкIащ УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ советым хэтхэм я зэIущIэ.

**2020 гъэм щIышылэм и 27-м** КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Урысейм и Къэрал советым хагъэхьащ.

**2020 гъэм и накъыгъэм** КъБР-м Iэтауэ щекIуэкIащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ зэрырикъур.

**2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25 - бадзэуэгъуэм и 1 махуэхэм** УФ-м и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм папщIэ IэIэт щекIуэкIащ республикэм. Iэ зыIэтахэм я процент 85,52-м зэхъуэкIыныгъэхэр даIыгъащ.

**2020 гъэм щэкIуэгъуэм и 16-м** Налшык лэжьэн щыщIидзащ «Центр управления регионом» IуэхущIапIэм.

**2021 гъэм** Японием щекIуэкIа Олимп джэгухэм дыщэ медаль къыщихьащ Ласицкене Марие.

**2021 гъэм фокIадэм и 17 - 19** махуэхэм УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхынымкIэ КъБР-м IэIэт щекIуэкIащ.

**2021 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м** КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек «Урысей зэкъуэт» партым и Совет Нэхъыщхьэм хагъэхьащ.

**2022 гъэм щIышылэм и 16-м** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэси 100 ирикъуащ. 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м УФ-м и Президентым унафэ къыдигъэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур Iэтауэ гъэлъэпIэным теухуауэ.

*Зыгъэхьэзырар*

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

